



## Byenveni nan Nouvo Sistèm Kat Entèlijan CAT

Kat entèlijan ou a fè monte otobis vit epi fasil sou tout wout CAT yo. Swiv kat etap sa yo pou konfigire kont ou, chaje lajan, epi vwayaje — toujou ak pi bon tarif disponib la.

### 1 Kreye Kont Ou

Anvan ou itilize kat entèlijan ou a, ou bezwen yon kont pasaje CAT gratis. Chwazi opsyon ki pi bon pou ou:

**Opsyon A — Pòtal Pasaje (Entènèt):** Vizite [app.ridecat.com](http://app.ridecat.com) pou kreye yon kont gratis. Jere kat ou, gade istwa vwayaj ou, epi achte pase — tout sa depi navigatè ou.

**Opsyon B — Aplikasyon Transit (Mobil):** Telechaje aplikasyon Transit gratis la sou Apple App Store oswa Google Play. Enskri an kèk minit epi kont ou a pare pou itilize imedyatman.

### 2 Achte ak Konekte Kat Entèlijan Ou

Aprè ou fin kreye kont ou, achte yon kat entèlijan CAT epi konekte li lè w itilize metòd ki koresponn ak fason ou te enskri a:

**Pòtal Pasaje ([app.ridecat.com](http://app.ridecat.com)):** Konekte, chwazi "Tap & Ride" nan navigasyon anlè a, apre sa klike sou "Ajoute Token Vwayaj". Antre nimewo 10 chif ki nan ba do kat ou a, ba token an yon non ou chwazi, aksepte tèm ak kondisyon yo, epi kat ou a ap konekte imedyatman.

**Aplikasyon Transit:** Yon Reprizantan Sèvis Kliyan CAT ap konekte kat la ak kont ou. Vizite nenpòt estasyon transfè CAT oswa rele 239.252.7777 epi ekip nou an ap ede ou.

#### Kote Achte

Kat entèlijan yo disponib nan nenpòt estasyon transfè CAT. Vizite [ridecat.com](http://ridecat.com) pou kote ak orè.

### 3 Ajoute Lajan Kach nan yon Kote INCOMM

Ou ka chaje kat entèlijan ou a ak kach nan nenpòt kote vant INCOMM Vanilla Direct ki patisipe — pa bezwen kont labank ni kat kredi.

1. Jwenn kote ki pi pre ou a sou [pay.vanilladirect.com/pages/locations](http://pay.vanilladirect.com/pages/locations) — souvan nan gwo makèt, famasi, ak magazen pratik.

2. Prezante kat ou bay kasye a epi di li ou vle ajoute lajan nan kat transit CAT ou a.
3. Kasye a ap eskane kòd ba ki nan do kat ou a epi mande konbyen ou vle ajoute. Lajan yo aplike nan kont ou imedyatman.

## 4 Achte yon Pase — Pa Vwayaje Sèlman ak Balans!

Yon fwa kont ou gen lajan, itilize Pòtal Pasaje a oswa aplikasyon Transit la pou achte yon pase anvan ou monte.

### Poukisa sa enpòtan:

CAT pa gen sistèm limite tarif kounye a. San yon pase aktif, chak vwayaj dedui nan balans ou nan tarif estandò pou yon vwayaj. Achte yon pase anvan asire ou toujou jwenn pi bon valè pou vwayaj ou yo.

- Pi bon valè pa vwayaj — yon pase 30 jou egal 20 vwayaj endividyèl.
- Kat ou a ap aplike pase a otomatikman lè ou monte — pa gen etap anplis.
- Achte atravè Pòtal Pasaje a nan [app.ridecat.com](http://app.ridecat.com) oswa aplikasyon Transit la.

### **Enpòtan: Toujou Achte yon Pase Anvan ou Vwayaje**

Paske limite tarif la poko aktif, vwayaje ak balans kont ou chaje tarif pa vwayaj chak fwa. Achte pase ou nan Pòtal Pasaje a ([app.ridecat.com](http://app.ridecat.com)) oswa aplikasyon Transit la apre ou fin chaje lajan — apre sa touche epi vwayaje.

Pòtal Pasaje	Aplikasyon Transit	Sèvis Kliyan
<p><b><a href="http://app.ridecat.com">app.ridecat.com</a></b></p> <p>Konekte kat ou, jere kont ou, epi achte pase depi nenpòt navigatè.</p>	<p><b>Aplikasyon Transit</b></p> <p>Disponib sou App Store ak Google Play. Planifye, peye, epi vwayaje.</p>	<p><b>239.252.7777</b></p> <p>Ekip nou an pare pou ede ou ak koneksyon kat ak kesyon sou kont ou.</p>